

**PUJANGGA KRATON: MBANGUN SASTRA, MARSUDI BASA**

**Dening: IG. Krisnadi**

**Staf Pengajar Fakultas Sastra Universitas Jember**

**Kongres Basa Jawa IV**

**Ing Semarang, Jawa Tengah**

**2006.**

## 1. Atur Pambuka

Pigeaud kitab kang sesirah *Java in 14 th Century, a Study in Cultural History*, nduwe panemu Manawa tembung *pujangga* iku ora bisa tinemokake ing kapustakan Jawa Kuna utawa Sansekerta. Ing kapustakan Sansekerta, ana tembung kang memper karo tembung *pujangga* yaiku *bhujangga*, tegese juru sastra, pendhita utawa ngulama. Nanging ing kapustakan Jawa Kuna uga ana tembung kang memper karo tembung *pujangga* yaiku *janggan*, tegese dhukun (wong pinter), juru nujum utawa juru ramal (1963:360). Miturut panemune Darusuprapta, asal-usule tembung *pujangga* amarga saka klira-klirune ilate wong Jawa angocap *bhujangga* (tembung asing tumrap ilate wong Jawa) dadi *pujangga*. Mingsat-mingsete pocapan *bhujangga* karo *pujangga* asale awit saka kliraklirune swara *b* karo *p* kang panggonane ana ing wiwitane lingga, dene lora-lorone padha aksara lambe dadi siji dhasar swara. Sanadyan dhapukane *fonemis* seja, nanging tegese *referensial* padha. Mula bisa kasebut dhapukan tembung kembar kang ngalami *proses variasi bebas* yaiku *proses alofonemik*, tegese *fonem* seja, nanging saktemene bedane fonem iku mung arupa alofon wae. Contone “becus” – “pecus”, “begebluk” – “pageblug”, “Brambanan” --- “Prambanan” (1982:3-5).

Gonda paring keterangan, tembung *bhujangga* lan *pujangga* iku biasane katujokake marang wong pinter ing bab ngenganggit, nyerat utawa abdi dalem ing kraton kang nduweni kewajiban: nggawe silsillah lan babade kraton, mandhegani upacara agama, marsudi basa, mbangun sastra, juru nujum, juru palintangan, dadi sesepuhe praja kang nduweni kepinteranan ing bab ngereh praja (Darusuprapta, 1982:81). Miturut panemune Hari Murti Kridalaksana, basa Jawa yaiku basa kang digunakake marang wong Jawa kanggo urip bebrayan lan sesrawungan ing saben dinane, lan kang mkigunakake basa iku nduduhake kapribadhen lan kabudayan Jawa (1982:18). Miturut panemune Wedhawati, ngrembakane kasusastran Jawa lumaku bebarengan karo ngrembakane basa Jawa, amarga anggone pujangga mbangun sastra uga kudu marsudi basa tumrap “sampurnaning” sastra (1964:5-7). Adhedhasar panemune para winasis kang kaya mengkono, pujangga nduweni lelabet kang wigati tumrap mbangun praja lan ngrembakane kabudayan Jawa. Sakabehe lelabete pujangga ora bisa kawedhar siji mbaka siji *kertas kerja* iki, amarga wektu kang winates. Mula iku *kertas kerja* iki kawedhar kanthi wewates ing bab lelabete pujangga mbangun sastra lan marsudi basa tumrap ngrembakane sastra lan basa Jawa.

panguwasa ing tlatah tanah Jawa, carane nyapa karo penggede VOC cukup migunakake basa ngoko. Sikap para penggedhe Mataram anggone nyapa marang Gubernur Jenderal VOC wae ora sepira nduweni rasa hormat, yaiku kanthi sebutan *si*, lan *kaki..* Sebutan *kaki* katujokake marang wong kang nduweni drajad kang luwih asor utawa kapernah luwih enom umure. Mula iku raja Mataram nyapa para penggedhe VOC kanthi cara *si Gurnadur* utawa *kaki jenderal*. (G. Moedjanto, 1987:62).

Samsaya suwe samsaya mundure doktrin keagungbinantharaan Dinasti Mataram, lan kosok baline pengaruhe VOC samsaya suwe samsaya tambah sentosa ing Mataram, rerembukan antarane para punggawa/raja Mataram klawan penggedhe VOC padha migunakake basa krama kang bisa disimak ing rerembukan antarane Gubernur Semarang Hohendorf karo Pangeran Adipati Anom (Paku Buwana III) ing cuplikan mengisor iki.

Hohendorf:"Anggenipun badhe papanggihan abedhamen kaliyan Rama Dalem S.D.I.S Kg. Susuhunan Mataram wonten wulan punika, kula nyuwun pepatih Dalem sakanca ingkang badhe kakarsakaken angestreni, punapa dene benjing manawi sampun rampung bedhamen, kula tumunten amethuk Panjenengan Dalem."

Adipati Anom:"Sanget andadosaken suka pirenaning panggalih kula, dene bab bedhami sampun saged badhe rampung, sarta samangsa ing benjing ijengandika methuk, temtu kula ngriki sampun sumekta. Punapa dene Pepatih Dalem sakanca sesarengan kaliyan Tuan Com.Gen.N. Hartingh." (Balai Poestaka: 1937: 24).

## 5. Kesimpulan

Jejer kalungguhan pujangga, dadi punggawa kraton kang nduwe kewajiban mbangun sastra, marsudi basa, mandhegani upacara agama, juru nujum, juru palintangan lan dadi sesepuhé praja. Pujangga tansyah ngabekti marang raja lan makarya kanggo nyengkuyung kasantosane praja, mula sakabehe keperluan uripe cinukupan dening raja. Raja nyekel panguwasane praja butuh dukungan para kawula, banjur mrentahke pujangga mbangun sastra lan marsudi basa kanggo keperluan *justifikasi* raja. Mula iku raja merlokake pujangga nyipta kitab sastra babad utawa unggah-ungguhing basa Jawa kanggo nyengkuyung lan nambah kasantosaning praja.

Kitab *Babad Tanah Jawi* sawijining kitab sastra babad kang bisa nyengkuyung lan nambah kasantosaning Dinasti Mataram Kitab iki gemot carita kang maneka warna ing bab *mitologi*, legenda, *hagiografi*, *sugesti*, perlambang, ramalan, firasat. Ing kitab iku, pujangga nyusun silsilah kang nduduhake manawa dinasti Mataram iku klebu trahe kusuma, rembese madu, tedhake atapa, turune andhana warih, mula syah nyekel panguwasane ing tlatah tanah Jawa. Mula kitab iku den arani kitab puja sastra.

Ing babak kasusastran Jawa Kuna lan Jawa Tengahan, unggah-ungguhe basa Jawa ngoko-krama durung katon, nanging tembung-tembung pakurmatan wiwit thukul lan dadi wijine unggah-ungguhe basa Jawa ngoko krama. Mula iku ing jaman iki wis kawiwitan babak santun basa, banjur ngrembaka nganti tumeka ing babak rintisan unggah-ungguhe basa Jawa ngoko-krama ing jaman Kasultanan Demak lan Pajang. Ing jaman Mataram, unggak-ungguhe basa Jawa ngoko-krama wiwit kedaphuk bebarengan karo mekare doktrin keagunganbinanthetaan Dinasti Mataram. Dinasti iki ngrembakakake unggah-ungguhe basa Jawa ngoko-krama nduwe karep kanggo nambah kasantosaning dinasti Mataram.

## 6. Kapustakan

Anderson Benedict, ROG, 1972. *Gagasan Tentang Kekuasaan dalam Kebudayaan Jawa*. Tanpa kota dan badan penerbit.

Degraaf HJ, 1987. *Awal Kebangkitan Mataram* (Seri Terjemahan). Yogyakarta: Kanisius.

Darusuprata, 1982. Jejer Kalenggahuning Pujangga ing Kasusastran Jawi. Ing *Widya Parwa* No. 22. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Drewes, G.W.J; 1969. *The Admonition of Seh Bari*. The Hague Martinus Nijhoff.

Gina Dirgo Sabriyanto.1981. *Babad Demak* 2. Jakarta: Buku Sastra Indonesia dan Daerah.

Hari Murti Kridalaksana, 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.

Krisnadi, IG. Wahyu Kraton Miturut Kabudayan Jawa, dalam *Jayabaya* No. 32, Ahad Paing, 12 April 1998.

-----, Mbedhah Isi Babad Tanah Jawi, dalam *Jayabaya* No. 21. Ahad Kliwon, 25 Januari 1998.

-----, Pujangga lan Ngrembakane Basa Jawa, dalam *Panyebar Semangat* No.8, Sabtu Paing 21 Februari 1998.

-----, Ilange Ati Kang Keduwung, ing *Dian Wanita*, XIV, 1993. Dharma Wanita Unit Universitas Jember.

-----, Mbok Randha Kenapa Ing Wengi Iki Sliramu Ngilir. Dharma Wanita Universitas Jember.

-----, 1994. "Wilayah" Pujangga dalam Mencipta Historiografi Tradisional. Jember: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan RI, Universitas Jember.

-----, 1992. Aspek Imajinasi dalam Babad Tanah Jawi, dalam *Argapura* No. 12 Maret-April 1992. Jember: Badan Penerbit Universitas Jember.

